



Pou Piblikasyon Imedya: 31/12/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE FEN SALÈ KI PI BA PASE SALÈ MINIMÒM NAN ATRAVÈ DIVÈS SEKTÈ NAN TOUT ETA A

Lòd la afekte plis pase 70,000 moun nan tout eta a ki genyen ladan yo: Travayè nan stidyo maniki, stidyo kwafi, estetisyèn, travayè nan kote yo lave machin, atandan valè paking, pòtye ak chofè kamyon remòkaj yo

Depatman Travay la (DOL: Department of Labor) pibliye [Rapò sou Salè ki Pi Ba Pase Salè Minimòm ak Rekòmandasyon](#) apre etid entansif ak temwanyaj moun ki afekte yo atravè sektè yo

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke Depatman Travay Eta a ap emèt yon lòd ki elimine salè ki pi ba pase salè minimòm nan pou sektè 'divès' yo nan tout eta a. Lòd la afekte plis pase 70,000 anplwaye ki touche tep e l ap mete fen nan konfizyon ak vòl salè ki selon prèv yo montre yo vòlè revni tep ke yo ganye nan fason ki lejitim. Travayè ke nouvo mezi sa ap afekte yo enkli: travayè nan stidyo maniki, stidyo kwafi, estetisyèn, travayè nan kote yo lave machin, atandan valè paking, pòtye, chofè kamyon remòkaj, twaletè pou chyen ak gid touristik yo.

"Nan New York nou kwè nan peman pou yon jounen jis pou yon jounen travay ki jis", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Men apre yon ankèt konplè, Depatman Travay la te fè, li klè ke nan anpil sitiyasyon, sistèm tep la konplike initalman, ki pèmèt biznis san skripil yo, bafwe lwa nasyonal sou salè minimòm nou yo epi vòlè salè travayè yo ganye yo. Sa fini kounye a. Jodi a, mwen òdone depatman travay la pou mete fen nan kredi tep nan sektè ki gen pi gwo risk vòl salè yo pou ede restore jistis pou travayè yo, ke anpil nan yo enpòtan anpil pou sektè sèvis ki fè ekonomi nou an avanse."

Eliminasyon salè sou tep la pou sektè divès yo ap fèt pa etap sou yon peryòd yon ane, yon kalandriye agresif k ap bay anplwaye yo soulajman pandan l ap bay biznis yo tan tou pou ajiste a chanjman sa yo, pou sa pa antrene pèt travay pa inadvétans.

Kalandriye a enkli:

- Nan dat 30 jwen 2020, diferans ant salè minimòm ak salè sou tep kounye a ap koupe a mwatye.
- Nan dat 31 desanm 2020, salè sou tep la ap elimine konplètman e travayè nan sektè ki afekte yo ap fè salè minimòm nòmral la.

Salè minimòm pou travayè sou tep yo nan divès sektè											
	NYC				LI ak Westchester				Rès NY		
	MW	Ti tep	Gwo tep		MW	Ti tep	Gwo tep		MW	Ti tep	Gwo tep
31/12/2019	15.00 dola	12.75 dola	11.35 dola		13.00 dola	11.05 dola	9.80 dola		11.80 dola	10.05 dola	9.80 dola
30/06/2020	15.00 dola	13.85 dola	13.15 dola		13.00 dola	12.00 dola	11.40 dola		11.80 dola	10.90 dola	10.35 dola
31/12/2020	15.00 dola	15.00 dola	15.00 dola		14.00 dola	14.00 dola	14.00 dola		12.50 dola	12.50 dola	12.50 dola

Lafen kredi tep Eta a pou sektè divès yo -- ap ramne travayè sa yo nan salè minimòm aktyèl la -- antre lè Depatman Travay la kominike yon rapò ak rekòmandasyon apre li fè odisyon epi resevwa temwanyaj nan men moun atravè sektè ki touche sou tep yo.

Rezilta prensipal nan [rapò](#) DOL yo remake ke:

- 1) Sistèm tep kounye a afekte travayè ki touche pi piti yo nan fason ki pa pwopòsyonèl nan eta nou an: fanm, minorite ak imigran yo.
- 2) Divès travayè resevwa mwens tep e yo gen yon konfizyon jeneral pou konnen si yo gen dwe ganye salè minimòm oubyen non. Sa mennen nan yon vòl salè jeneralize nan kèk sektè, ak yon enkyetid reyèl ke kredi tep yo senpleman pa apwopriye nan lòt yo, pliske anpil nan kliyan yo pa klè ke y ap tann tep nan men yo.

Lwa Eta New York la otorize kèk sektè pou peye anplwaye ki touche tep yo salè minimòm ki pi ba sèlman si anplwaye sa yo ganye ase nan tep pou konble diferans lan. Nan sèten lye travay kote salè ak poubwa yo jeneralman pa anpil, revni travayè yo ka depann antyèman de tep yo.

Yo te gwoupe sektè ki afekte pa mezi jodi a an yon kategori yo rekonèt kòm 'divès' depi plis pase 30 an ki kreye konsekans envolontè ki etabli yon kredi tep nan divès sektè kote yo te entèdi kredi tep la anvan.

Nan pratik, anpil anplwaye nan sektè sa yo twouve li difisil pou fè swivi tep anplwaye yo kòrèkteman, pliske yo pa yon sous revni ki stab epi fyab ke travayè yo ka depann de li pou reponn a depans sibzistans yo. Anplis, varyasyon kotidyen ak varyasyon pa semèn yo rann li difisil pou travayè yo pou konnen si yo mal peye yo e sistèm konplike pou kenbe dosye kredi tep la ka rann li difisil pou anplwaye yo konnen si y ap reponn a angajman yo.

Atravè temwanyaj ak ankèt DOL la, gen modèl yo souleve ki sijere ke sektè sa yo gen tandans pou move pratik ki lakoz ke tep yo pa souvan ale nan men travayè yo e yo te pi vilnerab pou manèv vòl salè. Yon evalyasyon twa zan sou ka vòl salè Depatman Travay la te ankete ki te pibliye an 2018 montre ke prèske de tyè nan ka ki gen rapò ak salè minimòm yo te nan sektè ki kouvri travayè nan sektè divès yo, e nan 80 pousan nan ka yo, yo te jwenn gen move pèman.

Yon ankèt Depatman Travay an 2008, te jwenn ke prèske uit sou 10 kote ki lave machin nan Vil New York, e youn sou de atravè eta a, vyole lwa sou salè minimòm ak lè siplemantè yo. Senten kote te peye 3 dola pa è sèlman. Envestigatè yo te vizite 84 kote yo lave machin atravè eta a, e te dekouvri 6.5 milyon dola lajan yo pa peye bay 1,380 travayè.

Antre anvigè salè minimòm 15 dola ak parite ekonomik nan Eta New York

Depi li te premye rive opouvwa, Gouvènè Cuomo te travay pou restore parite ekonomik ak jistis sosyal pou fanmi ki ap travay yo nan Eta New York, gen ladan vote lwa sou yon salè minimòm 15 dola pou restore ekite ekonomik, adopte pwogram konje familyal peye avèk pwoteksyon pou djòb ki plis solid nan nasyon an ak ekstann pwoteksyon yo pou anplwaye sektè piblik la nan gouvènman lokal ak Eta a apre desizyon devastatè Tribinal Siprèm (Supreme Court) la nan afè "Janus" lan. Ane sa a, Gouvènè a te kontinye pwogrè istorik sa a nan adopte Lwa sou Travayè nan Fèm (Farm Workers Bill) yo, ki bay plizyè milye travayè nan fèm nan New York dwa pou yo negosye kolektivman ak lòt pwoteksyon enpòtan ankò.

Salè minimòm 15 dola a ap antre an vigè konplètman nan Vil New York nan dat 31 desanm 2019, e l ap kontinye pou rive nan 15 dola nan Long Island, Westchester ak rès New York. Yo te adopte lejislasyon an nan kad bidjè 2016-17 eta a, epi li make yon reyalizasyon enpòtan nan efò Gouvènè a ap fè pou retabli jistis ak enpasyalite ekonomik pou fanmi k ap travay nan Eta New York yo.

Kalandriye mizanplas la sou baz rejyon yo ap konsa:

- Pou travayè nan Vil New York yo ki ap travay pou yon gwo biznis (sa ki gen omwen 11 anplwaye yo), salè minimòm nan te ogmante rive 11 dola nan fen ane 2016 la, epi apre sa 2 dola anplis chak lòt ane, pou rive 15 dola nan dat 31/12/2018.
- Pou anplwaye nan Vil New York k ap travay pou ti konpayi (sa ki pa depase 10 anplwaye yo), salè minimòm nan pase a 15 dola nan dat 31/12/2019.
- Pou anplwaye nan Konte Nassau, Suffolk ak Westchester, salè minimòm nan te ogmante a 10 dola nan fen 2016, answit, 1 dola chak ane apre sa, pou li rive a 13 dola nan dat 31/12/2019.
- Pou anplwaye nan rès eta a, salè minimòm nan te ogmante a 9.70 dola nan 2016, answit, 0.70 dola chak ane apre sa, pou li rive a 11.80 dola nan dat 31/12/2019.

W ap jwenn plis enfòmasyon disponib sou www.ny.gov/minimumwage.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)

